

D+S

M

Sajès ak Puisans BondiéJn 2,13-24
3^e d. Karèm BMusique: 21-02-2009
St. Pierre DamienParoles: 17-03-2009
St Patrick

- R. Juif mandé sign, Grèk mandé sajès** 1 Co 1,22-25
Kris krisifié, Puisans ak Sajès,
Puisans Bondié, Sajès Bondié.
1. Jézu monté Jérusalèm, Jn 2,13-14
 Nan Tanp la l-jouinn machann k-ap vann
 Bèf ak mouton, ni pijon tou,
 Chanjè lajan ki instalé.
 2. Li fè yon fouèt avèk bout kòd, Jn 2,15
 Li chasé yo, mouton, bèf tou.
 Li jété kòb chanjè lajan,
 Li chaviré tab bouch anba.
 3. Li di moun yo k-ap vann pijon : Jn 2,16
 « Ouété sa yo sot isit la ;
 Pa fè lakay Papa mouin-an
 Vi-n tounin kay pou fè kòmès ».
 4. Disip li yo, yo vi-n sonjé Jn 2,17
 Sa-k té ékri osijè sa-a :
 « Jalouzi-a pou kay ou-a
 Ap dévoré-m latèt-o-pié ».
 5. Juif yo di li : « Ki sign ou-ap bay Jn 2,18-19
 Pou bagay yo ou-ap fè konsa-a ? »
 Li réponn yo : « Krazé Tanp sa-a,
 Sou touazièm jou m-ap rédrésé-l ».
 6. Juif yo minm di : « Karannsizan Jn 2,20-21
 Yo té mété pou yo bati-l,
 Ou, nan toua jou ou-ap rédrésé-l ? »
 Li t-ap palé sou tanp kò-l la.
 7. Lè-l fi-n lévé sot nan lanmò Jn 2,22
 Disip li yo sonjé-l té di-l.
 Yo kouè nan sa ki ékri-a
 Ak nan paròl li té di-a.
 8. Gin anpil moun ki kouè nan non-l Jn 2,23-25
 Antan yo ouè sign li yo l-fè.
 Jézu li minm pa-t kouè nan yo,
 Li té konnin sa-k nan moun nan.
 9. Sajès Bondié bati kay li, Pr 3,1-6
 Li invité-n nan résépsion-l ;
 Manjé l-ofri-n : Laloua Bondié.
 Paròl Bondié ki tounin Moun.
 Dt 4,6 ; Ps 19,8 ; Ex 20,1-17
 Jn 1,14 ; Sg 24,8
 10. Li pa bezouin sakrifis bèt, Ps 50,9-15 ; 51,18-19
 Sé kè krazé ki fè-l plézi ;
 Ki akòdé ak volonté-l ;
 K-ap chanté louanj pou di-l mèsi.
 11. Tanp Granmèt la sé Jézu-Kri Mt 12,6.38-42
 Vandrédi sin pou Dimanch Pak
 Li démoli, li rékonstrui
 Sé sign Puisans Sajès Bondié.
 Jn 2,19 ; Mt 27,40